# ТОҒЫЗҚУМАЛАҚ ИНТЕЛЛЕКТУАЛ ОЙЫНЫНЫҢ ОЙНАЛЫЎ ТӘРТИБИ ҲАМ ОНЫҢ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

***Пахратдинова Т. К.***
*Қарақалпақстан аўыл хожалығы ҳәм агротехнологиялар институты, еркин изленийўшиси*

**Tayansh so'zlar:** o'yin, raqib, musobaqa, o'yin tartibi, to'qqiz qumalaq, tuzlik, hisob -sanoq, g'alabaga erishish.
**Ключевые слова:** игра, соперник, соревнование, порядок игры, тогыз кумалак, дузлык, счет, победа.
**Key words:** game, opponent, competition, order of play, togyz kumalak, duzlyk, score, victory.

Соңғы дереклерге қарағанда, «Тоғызқумалақ» ойынының пайда болыў тарийхы 3 мың жылды өз ишине қамтыйды. Ал гейбир илимпазлардың айтыўына қарағанда, оның пайда болған ўақты буннан да көп болыўы мүмкин. Тоғызқумалақ ойыны XIX-әсирдиң ақырында, XX-әсирдиң басында қарақалпақ даласындағы арқа тәрепте Ай бүйир таў (жайлаўларында) ҳәм үстирт тегисликлеринде кең тарқалған ойын болып есапланады. Егер аңызларға исенетуғын болсақ, тоғызқумалақ ойыны әпиўайы-қарапайым шопанлар арасында ойлап табылған. Олар жайлаўда маллары үйирилип, дем алып жатырғанда, балалар иси еригип ҳәр турли ойынлар ойлап тапқан. Усындай ойынлардың биринен тоғызқумалақ пайда болған. Тоғызқумалақ тахтасы ретинде олар жерди қазып, арнайы шуқырлар қазып таярлаған. Ал, қумалақларды таярлаў ушын қойлардың қумалағын кептирип, дәл сондай 162-син пайдаланған. Аўызеки таралып келген аңызларда тоғызқумалақ ойыны шопанлар үшын жақсы ермек ойыны болды. Кейинирек ойын жетилистирилип арнаўлы тахта соғылып, тахта үстинде ойналатуғын болған.

Ҳәзирги күнге келип дүньяның көплеген еллеринде тоғызқумалақ ойыны жақсы үйренилип атыр. Мәселен, Қазақстан республикасында арнаўлы жәмийет шөлкемлестирилген, обьластларда тоғызқумалақты үйренемен



деген жасларға усы шөлкем бөлимлери ашылған. Бүгинги күнде Қазақстанда усы шөлкемлердиң раўажланыўына белсене хызмет етип атырған пухаралар да аз емес. Қазақстан ғәрезсизлик алған жыллардан бери тоғызқумалақ жылдан жылға раўажланып атыр. Бул жерде тоғызқумалақ федерациясының ағзалары ойынды раўажландырыўға өзлериниң белсендилигин көрсетип атыр. Бүгинги күнде усы шөлкемниң арқасында елдиң шетки аўылларында бөлимлери ашылып, тоғызқумалақтан жарыслар тез тезден өткерилип атыр. Ал Қырғызстан мәмлекетинде болса мектеплерде сабақлықларға киритилип, тоғызқумалақтан олимпиада өткериледи.

Қытай ҳәм Монгол еллеринде илимпазлар изертлеў жумысларын алып барып атыр ҳәм китаплар шығарып атыр. Сондай-ақ, Алтайда, Қарачай-Черкесте, Сахада шөлкемлер ашылып, Европаның қубла шығыс аймақларында тоғызқумалақ ойыны ойналады деген дереклерде бар. Жане де орта азия қазақстан ҳәм россияның кубла шығыс аймақларында ойналған.



Ҳәзирги ўақытта дүньяда тоғызқумалаққа уқсас ойынлар жүдә көп. Мысырлық калах, Монголияда эсон-когоол, Шри-Ланкада олинда калия, турклерде ҳәм африкалықларда манкала, габата, абапа, тамподуо, омвесо, нам-нам, бао, маработ, турақлы америкалықларда аджи-бото, варри роунд жәнe роунд, азиялықларда паллангули, гонгкак, сунгка сыйақлы ойынлар бар. Мәселен, Африкадағы Уганда елиниң омвесо деген миллий ойыны бар. Оның тоғызқумалақтан өзгешелиги отаў саны көп (32 отаў) болып, бирақ қумалақ саны аз (64 қумалақ) болады. Усы ойынды угандалықлар дүнья жүзлик интеллектуаллық ойынлардың қатарына киритип, одан жыл сайын биресе Америкада, биресе Англияда олимпиадалар өткизеди. Соның менен бир қатарда ҳәзир бул ойын, интернет арқылы терең раўажланып атырған ойынлардың бири болып есапланады.

Қарақалпақстанда тоғызқумалақ ойыны миллий ойын сыпатында танылып ойналып киятырған ойынлардың бири. Атадан-балаға өтип, аўызеки үйренилип келген. Мәмлекетимиз ғәрезликке ерискеннен кейин, спорт ойынлары қатарына миллий ойынларымыз Қашарман топ, Ылақ ойыны ҳәм Шүллик ойынлары қатарында тоғызқумалақ, бестас ойынларыда киритилип, ойналып киятыр. Бул есап-санақты раўажландыратуғын ойын түрине киритилип, балалардың мийин жақсы раўажландырып, есап-китап жумысларына қызығыўшылығы артады. Демек бул ойынның келип шығыў дереги шарўашылыққа байланыслы болып, ата-бабаларымыздан мирас болып қалған.

Ойын тоғызқумалақ ойынына арналған тақтада, еки адам арасында ойналады. Ойын тақтасы – 2 қазан, 18 отаў, 162 қумалақтан ибарат болып, ойын басында ҳәр бир ойыншыға бир қазан, тоғыз отаўға ҳәм тоғыз-тоғыздан салынған сексен бир қумалақ тийиседи.

Биринши жүрис орынлаған ойыншыны – баслаўшы, қарсы жүрис орынлаған ойыншыны – қослаўшы деп атайды.

Ойын басланбастан алдыңғы көриниси төмендегише болады:

| **Отаўлар** | №9 | №8 | №7 | №6 | №5 | №4 | №3 | №2 | №1 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 9 | 9 | 9 | 9 | 9 | 9 | 9 | 9 | 9 |
| | **Баслаўшының қазаны (0)** | | | | | | | | |
| | **Қослаўшының қазаны (0)** | | | | | | | | |
| | 9 | 9 | 9 | 9 | 9 | 9 | 9 | 9 | 9 |
| **Отаўлар** | №1 | №2 | №3 | №4 | №5 | №6 | №7 | №8 | №9 |

Берилген кестедеги көринисте баслаушының отаўлары менен ондағы қумалақлар муғдары усындай тәризде жайласады.

Ойындағы жүрис өзгешеликлери

Жүрис ойыншылар тәрепинен гезеклесип жүриледи. Жүристи кимниң баслайтуғынлығы ойыншылар арасындағы келисим менен анықланады.

- 1. Ойын жүриси үшын өз тәрепиңиздеги отаўлардың қәлеген биреўинен орнына бир қумалақ қалдырып, қалған қумалақларды қолға алып, саат тилине қарсы бағытта бирим-бирим тарқатамыз.

Тарқатыў ўақтында қумалақлар өз отаўымыздан асып, қарсыластың отаўынада тарқатылады. Егер ақырғы қумалақ қарсыластың тақ сандағы қумалағы бар отаўына түсип, ондағы қумалақларды жуп қылса ( яғный 2, 4, 6, 10...), сол отаўдағы қумалақлар утып алынып, өз қазанына салынады.

Егер ақырғы қумалақ қарсыластың жуп сандығы қумалағы бар отаўына түсип (3 қумалақтан басқа), тақ қылса ( яғный 5, 7, 9...) ямаса өз отаўымызға түссе, қумалақлар утып алынбайды.

Мәселен, жоғарыдағы тақтадағы дәслепки жағдайда баслаўшы №3 отаўдағы 9 қумалағын тарқатса, ақырғы қумалақ қарсыласының №6 отаўына барып түседи ҳәм ондағы 9 қумалақ соңғы қумалақ пенен 10 болып, утып алынады жәнe қазанға салынады.

Сол ўақытта тақтада төмендегидей жағдай қәлиплеседи.

| **Отаўлар** | №9 | №8 | №7 | №6 | №5 | №4 | №3 | №2 | №1 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 9 | 9 | 9 | X | 10 | 10 | 10 | 10 | 10 |
| | **Баслаўшының қазаны (0)** | | | | | | | | |
| | **Қослаўшының қазаны (0)** | | | | | | | | |
| | 9 | 9 | 9 | 9 | 9 | 9 | 1 | 10 | 10 |
| **Отаўлар** | №1 | №2 | №3 | №4 | №5 | №6 | №7 | №8 | №9 |

- 2. Отаўдағы жалғыз қумалақ қоңсы отаўға жүргенде орны бос қалады.
- 3. Ойын жүрисинде отаўларға қумалақ салмай ямаса 2-3 қумалақ бөлип алып жүриўге болмайды.

Дузлық алыў қағыйдасы

Тоғызқумалақ ойынында қумалақтан басқа ойында бир рет қарсыластың отаўын утып алыўға да болады. Буны ойында – “дузлық үй”, ҳәзирги тилде – дузлық деп атайды.

- 4. Дузлық алыў үшын ойын жүрисинде, қарсыластың еки қумалағы бар отаўына тарқатқан ақырғы қумалағы үшинши болып түсиў керек.

Дузлықта сол отаўда қәлиплескен 3 қумалақ пенен бирге отаў да утып алынып, ойынның ақырына шекем сизиң меншигиңизге айналады.

Енди ойын жүрисинде дузлық алынған отаўға түсетуғын бир қумалақ, миннетли түрде сизиң қазаныңызға түседи.

Дузлық алынған отаўға арнайы белги қойылады. Жазба түрде – X деген шәртли белги менен белгиленеди. Ойын усы тақилетте даўам етиледи, ҳәм кимниң отаўына 82 қумалақ түссе сол ойыншы жеңиске ериседи. 82 қумалақты биринши утып алыў ушын өз гезегинде қумалақларды утып алыўға ерисиў менен бир ўақытты өз қумалақларында уттырып қоймаў керек.

Жеңиске ерисиўдиң екинши усылы бул қарсыласына жүрис қалдырмаў болып есапланады. Бул дегени шахмат ойынында Шахты мат қылыў деген




менен барабар. Яғный қарсыластың қумалақларының барлығы сиз тәрепке өтеди. Сол ўақытта қумалақлар сизиң пайдаңызға шешиледи. Соның ушын да бул ойында қумалақларды утып алыў комбинацияларын есаплап орынлаў керек болады, ал қумалақларды уттырып алмаў ушын есаплаў шеберликлери тез ҳәм дурыс болыўды талап етеди.

Ойын өсип киятырған жас өспиримлердиң ойлаў қәбилетин раўажландырады, санаў уқыплылығын арттырады ҳам яд қәбилетин күшейтеди. Олар өзлери билмеген, ойын-деп қараған ҳалда есап-санақ қәбилетиниң раўажланғанын сезеди.

**Әдебиятлар:**

1. Ў. Алеўов, А. Бекимбетова «Халқ педагогикасида ёшларга ақлий тарбия бериш анъаналари» Нукус «Қарақалпақстан» 2018,104-б.
2. Ў. Алеўов, Б. Абдуллаева. «Ақыл тәрбиясын бериўде балалар ойынының әҳмийети» Ж. Қарақалпақ халқының этнопедагогикасы. –Нөкис: Билим, -48-б.
3. М. Шотаев, «Тоғызқумалақ ойынының алгоритми ҳәм этюдлары» Қазахстан: Астана-2014, 102-б.
4. А.Яқыпбаева, «Ұлттық ойынға шетелдіктердің көңілі алабөтен» Қазахстан: Туркистан-2018.

**РЕЗЮМЕ**

Maqolada Qoraqalpoq xalqining qadim zamondan kelayotgan bolalar o'yini «to'qqızqumaloq» haqida so'z etilgan. Shuningdek bu o'yin o'yin ishtirokchilarida, hisob-sanoq qábilyatini rivojlandırıb, sanash ko'nikmalarini va hisob-sanoqnı o'rganishi haqida gap yuritilgan. Maqolada bunday o'yinning voyaga yetmagan bolalarning bilimlarini rivojlantirishdagi ahamiyati aniqlangan.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассказывается об одной из древнейших национальных игр Каракалпакского народа «тогыз ҡумалаҡ». Также раскрывается как эта настольная игра формирует логическое мышление и выдержку. Игра помогает развивать математические навыки у играющих, так как игрокам приходится использовать все четыре основных математических действия. В статье изложено значение этой игры для подростков.

**SUMMARY**

The article tells about the one of the oldest national games of the Karakalpak people «Togyz kumalak». It also reveals how this board game forms logical thinking and endurance. The game helps to develop mathematical skills among players, as players have to use all four basic mathematical actions. The article outlines the significance of this game for teenagers.